

Vaksen Kont HPV (Papiyomavirus Imèn): Ki Sa Ou Bezwen Konnen

Many Vaccine Information Statements are available in Haitian Creole and other languages. See www.immunize.org/vis

Anpil Bilten Enfòmasyon sou Vaksen yo disponib nan lang Kreyòl Ayisyen ak nan lòt lang. Ale sou sitwèb www.immunize.org/vis

1 Poukisa pou pran vaksen?

Vaksen kont HPV a anpeche enfeksyon avèk kalite papiyomavirus imèn (HPV) ki asosye ak anpil kansè, ki gen ladan:

- **kansè nan matris** nan fanm,
- **kansè nan vajen ak vilv** nan fanm,
- **kansè nan dèyè** nan fanm ak gason,
- **kansè nan gòj** nan fanm ak gason, ak
- **kansè nan penis** nan gason yo.

Anplis, vaksen kont HPV a anpeche enfeksyon selon kalite HPV ki lakòz **veri jenital** ki nan toulède fanm ak gason.

Nan Etazini, apeprè 12,000 fanm gen kansè matris chak ane epitou yo prevwa apeprè 4,000 fanm mouri akòz kansè matris. Vaksen kont HPV a ka anpeche pifò nan ka kansè nan matris sa yo.

Men vaksinasyon an pa yon ranplasan pou tès depistaj kansè matris la. Vaksen sa a pa pwoteje kont tout kalite HPV ki ka lakòz kansè nan matris. Fanm yo ta dwe toujou fè tès Fwoti vajinal regilye yo.

Enfeksyon HPV a anjeneral kòmanse apati yon kontak seksyèl, epi pifò moun pral enfekte nan kèk pwen nan lavi yo. Apeprè 14 milyon Ameriken, ki gen ladan adolesan, pran enfeksyon chak ane. Pifò enfeksyon disparèt poukont yo epi yo pa lakòz okenn pwoblèm grav. Men, plizyè milye fanm ak moun kontrakte kansè ak lòt maladi ki soti nan HPV.

2 Vaksen kont HPV

Se FDA ki apwouve vaksen kont HPV a epi se CDC ki rekòmande l pou gason ak fanm yo. Yo bay li regilyèman nan laj 11 oswa 12 zan, men yo ka administre l depi nan laj 9 jiskaske timoun nan gen 26 zan.

Pifò adolesan apati laj 9 a 14 zan ta dwe pran vaksen HPV kòm yon seri de-dòz avèk dòz ki separe nan 6 a 12 mwa. Moun ki kòmanse vaksinasyon kont HPV a nan laj 15 zan oswa pi ajè ta dwe pran vaksen an kòm yon seri ak twa dòz, yo gen pou bay dezyèm dòz nan 1 a 2 mwa aprè yo fin bay premye dòz la ak twazyèm dòz la ke yap bay 6 mwa aprè premye dòz la. Gen plizyè eksepsyon nan rekòmandasyon laj sa yo. Doktè ou kapab ba w plis enfòmasyon.

3 Kèk moun pa ta dwe pran vaksen sa a

- Nenpòt moun ki te gen yon reyaksyon alèjik grav (ki menase lavi li) ak dòz vaksen HPV a li pa ta dwe pran yon lòt dòz.
- Nenpòt moun ki gen yon alèji grav (ki menase lavi li) ak nenpòt konpozan nan vaksen HPV a li pa ta dwe pran vaksen an.

Fè doktè w konnen si ou genyen nenpòt alèji grav ke w konnen, ki enkli yon alèji grav ak ledven.

- Yo pa rekòmande vaksen kont HPV pou fanm ki ansent. Si ou aprann ke w te ansent lè w te pran vaksen an, pa gen okenn rezon ou pou atann ke nenpòt pwoblèm ka rive ou menm oswa tibebe w la. Si yon fanm konnen li te ansent lè li te pran vaksen sa a kont HPV a nou ankouraje li pou li kontakte rejis fabrikan vaksen HPV a nan 1-800-986-8999. Fanm k ap bay tibebe yo tete ka pran vaksen an.
- Si w genyen yon maladi modere tankou yon grip, ou ka petèt pran vaksen an jodi a. Moun ki malad nan fason modere oswa grav, ta dwe petèt rete tann jiskaske yo refè. Doktè w kapab ba ou konsèy.

4 Risk pou gen reyaksyon nan yon vaksen

Avèk nenpòt medikaman, enkli vaksen gen yon chans pou pasyan an gen efè segondè. Sa yo jeneralman pasaje epi yo disparèt poukont yo, men reyaksyon grav ka posib tou.

Pifò moun ki pran vaksen HPV a pa gen okenn pwoblèm grav avèk li.

Pwoblèm leje oswa modere ki annaprè vaksen HPV a:

- Reyaksyon nan bra a kote yo te bay piki an:
 - Doulè (apeprè 9 moun soti nan 10)
 - Po kò moun nan vin wouj oswa anfle (apeprè 1 moun sou 3)



- Lafyèw:
 - Modere (37.8 °C/100 °F) (apeprè 1 sou 10)
 - Modere (38.9 °C/102 °F) (apeprè 1 sou 65)
- Lòt pwoblèm:
 - Maltèt (apeprè 1 moun sou 3)

Pwoblèm ki ta ka rive aprè yo bay nenpòt vaksen sou fòm piki:

- Pafwa moun yo pèdi konesans apre yon pwosedi medikal, ikonpri apre yon vaksen. Si ou chita oswa kouche pandan apeprè 15 minit sa kapab ede ou pou pa ni endispoze ni pran chòk lè ou tonbe. Fè doktè ou konnen si ou santi vètij, oswa fè doktè a konnen si vizyon ou chanje oswa si ou tande boudonnan nan zòrè ou.
- Gen moun ki gen gwo doulè nan zepòl epi yo gen difikilte pou yo fè mouvman avèk bra kote yo te pran vaksen an. Sa pa rive souvan.
- Nenpòt medikaman ka koze yon reyaksyon alèji grav. Kalite reyaksyon konsa apre yon vaksen ra anpil, yo estime a mwens pase 1 ka sou yon (1) milyon dòz, epi sa ta rive kèk minit oswa kèk èdtan apre moun nan fin pran vaksen an.

Menm jan avèk nenpòt medikaman, gen yon ti chans pou yon vaksen koze yon chòk grav oswa lanmò.

Yo toujou kontwòle sekirite vaksen yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb: www.cdc.gov/vaccinesafety/.

5 Kisa pou mwen fè si mwen gen yon reyaksyon ki grav?

Kisa mwen ta dwe chèche?

Chèche nenpòt bagay ki konsène ou, tankou siy yon reyaksyon alèjik grav, lafyèw ki wò anpil, oswa chanjman nan konpòtman.

Siy yon **reyaksyon alèjik grav** kapab gen ladan itikè, figi anfle ak gòj anfle, difikilte pou respire, yon batman kè rapid, vètij ak feblès. Siy sa yo ta kòmanse nan kèk minit pou rive nan kèk èdtan apre ou pran vaksen an.

Kisa mwen ta dwe fè?

Si w panse se yon **reyaksyon alèjik ki grav** oswa si ou panse se yon lòt ijans ki pa kapab tann, rele 9-1-1 oswa mennen moun lan nan lopital ki pi pre a. Sinon, rele doktè ou.

Après sa, ou ta dwe rapòte reyaksyon nan Vaccine Adverse Event Reporting System (VAERS) (Rapòte Reyaksyon Negatif Vaksen an). Doktè ou ta ka fè rapò sa a, oswa ou kapab fè li poukont ou sou sitwèb VAERS nan www.vaers.hhs.gov, oswa ou kapab rele nan **1-800-822-7967** pou fè sa.

VAERS pa bay konsèy medikal.

6 Pwogram Nasyonal Konpansasyon pou Blesi nan Vaksen

National Vaccine Injury Compensation Program (VICP) (Pwogram Nasyonal Konpansasyon pou Blesi nan Vaksen) se yon pwogram federal yo te kreye pou konpanse moun ki te ka pran chòk akòz sèten vaksen.

Moun ki kwè yo te ka pran chòk nan yon vaksen kapab chèche enfòmasyon sou pwogram nan ak sou fason pou yo fè yon reklamasyon. Pou fè sa, yo ka rele nimewo **1-800-338-2382**, oswa yo ka ale sou sitwèb VICP nan www.hrsa.gov/vaccinecompensation. Gen yon delè limit pou prezante yon reklamasyon pou konpansasyon.

7 Kijan mwen kapab aprann plis enfòmasyon?

- Mande founisè swen sante w lan. Li ka ba ou yon pake vaksen oswa sijere lòt sous enfòmasyon.
- Rele depatman sante lokal ou oswa depatman sante eta kote w ap viv la. **1-888-767-4687**
- Pran kontak ak Centers for Disease Control and Prevention (CDC) (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo):
 - Rele **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)** oswa
 - Ale sou sitwèb CDC nan www.cdc.gov/hpv

Yo pral voye enfòmasyon bay Michigan Care Improvement Registry pou ka pèmèt moun (yo) ki bay swen medikal gen enfòmasyon ki egzat sou estati vaksinasyon, evalyasyon vaksinasyon, ak orè you rekòmande pou vaksinasyon alavni. Moun gen dwa pou mande moun ki ba yo swen medikal pou yo pa voye enfòmasyon sou vaksinasyon nan Biwo Anrejistremant an.

Vaccine Information Statement
HPV Vaccine

12/02/2016

Haitian



42 U.S.C. § 300aa-26

DCH-1339bHC

AUTH: P. H. S., Act 42, Sect. 2126.

Translation provided by the Immunization Action Coalition